# Qaraózekte járdemge mútáj shańaraqqa jay salıp berildi

Qaraózek rayonında sociallıq járdemge mútáj, jalǵız baslı mayıplıǵı bolǵan insanlarǵa járdem kórsetilip, olar rayon hákimligi tárepinen qadaǵalawǵa alınǵan. Birinshi sektor aymaǵındaǵı “Esim” MPJ aymaǵında jasawshı Genjegul Qalmaǵanbetova járdemge mútáj shańaraqlardıń biri edi. Onıń burınǵı jayınıń tozıwı jetip, jasaw múmkinshiligi bolmaǵannan soń, rayon hákimine múrájat etti. Onıń múrájatı rayon hákimligi tárepinen úyrenip shıǵılıp, usı jıldıń fevral ayınan baslap rayondaǵı bir qatar qáwender mákemelerdiń járdemi menen qurılıs jumısları alıp barıldı. Házir bolsa onıń jayı tolıq qurıp pitkerilip, zamagóy usılda 3 xanalı etip tapsırıldı. Usı múnásebet penen rayon hákimi G. Qalmaǵanbetovanıń shańaraǵında bolıp, shańaraq iyesin, qurılısshılardı qutlıqladı hám qáwenderlerge óz minnetdarshılıǵın bildirdi.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown